


MUMWE CHETE

KUBVA MUMIRIYONI

 Mazviita, Hama Shakarian. Uye mangwanani akanaka, shamwari. Zvakanaka kuva muno muLos Angeles mangwanani ano, tisati tatangisa konivhenisheni, nomusangano uri kuuya vhiki inotevera iyi kuEmbassy Hotel. Ndinotarisa kukuonai mose ikoko. Uye tose tine tariro huru yokusangana naShe wedu Jesu, kuMuona ikoko. Akavimbisa kuti Anenge Ariko. “Pano ungana vaviri kana kana vatatu,” Anenge aripo.

² Uye ndine chokwadi chokuti ndasangana naYe mangwanani ano pamasitepisi omuodhitoriyamu ino pandanga ndichiyaya, apo vanhu vose nokutarisira kukuru, vanga vakamirira kudya kwamangwanani nokutaura. Uye zvakanaka kuungana pano nemi, uye navanhu vari kuterera namaredhiyo. Pana vakawanda pano, vatozoenda mumba iri pasi apo, kuti vandotaura navamwe vashoma. Uye ndaona zvikumbiro zvakananda, vanorwara nomwoyo, nezvakasiya-siyana zvinonetsa miviri yavo, zvino tiri pano kunamatira vanorwara navanotambudzwa.

³ Pandasvika pamasitepisi... ndakatarisa murume wechikuru zvino. Auya kwandiri, uye ati, “Hama Branham, makore akapfuura...” Ati aitambudzika nomwoyo wake zvakananyanya zvokuti iye... aifunga kuti achafa. Zvino ndakamunamatira, uye nyasha dzaMwari dzakamupodza. Zvino hoyu ari pano mangwanani ano, ava namakore anenge makumi masere, ari kufara. Nokudaro izvi zvinoita kuti tisimbiswe.

⁴ Iko zvino ndiri kukumbira minamoto yavanhu vari kutererera pamaredhiyo, pamwe chete nemi muri pano. Mushure momusangano uno, ndichaenda kuEurope, nokuAfrica nokunzvimbo dzakapoteredza, kumisangano. Zvino ndiri kuenda ikoko nokuda kwechiratidzo, nokudaro kuchava nomusangano mukuru ikoko, ndine chokwadi. Uye ndaizvanzwa kwamakore akawanda kuti Ishe vaidha kuti ndidzokereko. Shumiro diki yakaninisipika, yakaninipisika yaAkandipa, handitendi kuti Ati apedza nayo, ikoko. Zvinotaridzika sokunge pano mumwe munhu pane imwe nzvimbo wandingakwanisa kubata norutava rweEvhangeri, rwaAkandipa kuti ndiunze vanhu narwo, nenzira yokupodzwa Kutsvene, nokunamatira vanorwara. Uye ndinokumbira minamoto yenyu, mose imi vanhu vari pano naavo vari kuteerera vari pamaredhiyo.

⁵ Zvino handina nguva yokutora nyaya kuti ndiparidze, zvino va zvandichaita mushure menguva diki muno mu—mu... odhitoriyamu ino, asi ndichangotaura kwa—kwamuri

chinguva chidiki, kuti tijairirane. Zvino kuvanhu vasiri pano, ndichanamatira avo vasiri pano, iko zvino, nemi muri muno zvakare. Uye ndinofara kusangana neshamwari itsva dzakanaka dzose idzi dzandisati ndamboona, tatanga kusangana mangwanani ano.

⁶ Tanga tiine nguva huru mumisangano kune dzimwe nzvimbo. Handichabudi kunze zvakanyanya, ndine basa rakawanda. Tiri kuedza kuramba tichibatsira kuJeffersonville, Indiana nokuTucson, Arizona, uko kwatakamira makore mashoma apfuura, nechiratidzo chaShe, chakaita kuti tiende ikoko, zvakare, ndisingazivi kwandaienda. Uye vamwe venyu pano, paClifton, ndakataura nemi zvishoma ndisati ndaenda kumusangano wokuPhoenix, nezvechiratidzo chakanga chauya. Ndakaona Ngirozi nomwe dzakaita sumbu.

⁷ Zvino ndinoziva, kuti vanhu vakateerera pamaredhiyo, zvichida vazhinji venyu havasi veFull Gospel, uye izvi zvinogona kuva zvisinganzwisiki kwamuri. Izvi, zvaigona kudaro kwandiri, asi pane... Pakawana anokwanisa kutsanangura chinhu, hauchafaniri kuchigamuchira nokutenda. Zvinhu zvatisingakwanisi kutsanangura, ndizvo zvatino fanira kugamuchira nokutenda. Hatikwanisi kutsanangura Mwari. Hapana munhu anokwanisa kutsanangura Mwari. Ano hukuru, uye Mukuru ane simba guru. Tinongo—tinozvigamuchira nokuti tinoziva kuti Aripo. Zvino nokutenda kwedu, tazvigamuchira, Anotipindura, nokubhabhatidza noMweya Mutsvene.

⁸ Ndizvo, zvandichataura kwamuri pamusoro pazvo, munguva diki inotevera pano, pamusoro, “Penzira yaMwari, nzvimbo yokunamatira.” Uye nzvimbo chete yaunokwanisa kuMunamata, nzvimbo chete yaAnosangana newe, pane... Pane chechi imwe chete, nzvimbo imwe chete, nguva imwe chete, vanhu vamwe chete, kuna vose vanosangana naMwari. Zvino ndinotarisa kuti Ishe vacharopafadza Mharidzo iyi kumwoyo yenyu.

⁹ Zvino, kuuya kwangu kuTucson, kwaikatyamadza, zviratidzo zviya zvandakataura kwamuri muZita raShe. Hapana kana chimwe chazvo chandingarangerira, kana kuvhunza ani zvake anokwanisa kurangerira kana pane nguva, yaAkambotaura chinhu chakanga chisiri Chokwadi. Zvinoitika nenzira chaiyo yaAnenge ati zvichaitika.

¹⁰ Zvino Anofanira, maererano naMagwaro, kudzoka kwatiri mumazuva ano okupedzisira, nemhando yeshumiro iyi. Izvi zvinozotevera mushure mokubhabhatidzwa noMweya, nokutaura nendimi, uye nokupodzwa Kutsvene, nezvimwe, zvinhu zvakadai. Nhasi tiri kutaura pamusoro pokupedziswa kwemharidzo yepentekosti. Shumiro iyi yaKristu paChake achitwa nyama muvanhu vaKe, achiita zvinhu zvimwe chetezvo zvaAkaita paAkanga ari panyika; muMutumbi waKe, unova

Mwenga, chikamu chaKe, uchiita zvinhu zvimwe chete, soMurume noMukadzi, kana kuti Mambo naMambokadzi, vava kusvika pamabiko oMuchato.

¹¹ Vhiki ino, Ishe achitendera, ndinoda kutaura pamusoro pezvimwe zvacho, kuno kumusangano wedu, ku—kuEmbassy Hotel, uye kuti tijairirane nenzira yangu yakazvidzika yandinozviita nayo. Ngu—nguva neawa yatiri kurarama, munhu akasaziva kuti woenda nenzira ipi, kana kusaziva kuti woita chii kana kuti wotsauka papi, anenge—anenge asingafambi nokutenda; ari kungofembera, ari kungofungidzira. Uye *kufungidzira* ku—“kuita chinhu usina mvumo yomurairo.” Zvino kana tisina mvumo iri pamurairo chaiwo yokuziva kuti Mwari akataura kuti chii chichaitika munguva ino, tingatarisana nenguva ino sei? Zvino tinofanira kutarisana nayo, tichiziva, nokutenda muShoko raKe, zvinhu zvinofanira kunge zvichiitika panguva ino; uye mamirire endudzi, mamirire avanhu, mamirire echechi, nezvakadaro.

¹² Tinofanira kuziva izvozvo, uye kuziva kuti tinofanira kufamba sei tichindotarisana nazvo. Kana usingazivi kuti zvinoitwa sei, uri kungo—kungoita zvataisiti, tingati, kuita mawiramombe; kungoswetukira mukati, uchingofungidzira kuti zvichange zvavapo, kufungidzira *ichi* uye kufungidzira *icho*, uye uchiti “zingaitika here?” Asi Mwari haadi kuti tidaro. Anoda kuti tizive zvaAkataura pamusoro pezuva ranhasi, zvino totarisana naro nokutenda, nokuti Akati rinenge riri saizvozvo. Zvino tino—tinoziva kuti muri Chokwadi zvino, nokuti hamuna kubatirira pashoko romunhu; mune Shoko raKe rokuti tinofanira kuitei. Zvino tiri kutarisira kuti Baba vedu voKudenga vacha—vachatipa izvi vhiki ino.

¹³ Zvino, ndino hurombo kuti ndasiya, zvandanga ndichitaura nguva diki yapfuura, zvokuuya kuTucson. Zvino ini, ndakafunga kuti, ndiwo aiva mangumo ohupenyu hwangu. Ndakafunga kuti hapana aizokwanisa kurarama kuvhundusa kwezvakaaitika muchiratidzo mangwanani iwayo, nenguva dzinenge dzegumi ndiri kumba, ndakafunga kuti hapana angararama mushure meizvi. Nokudaro, ndakauuya kuTucson, ndikaronga nomwanakomana wangu, kuti mukadzi wangu na—navana vagosara naye mushure mokunge ndafa, nokuti ndaifunga kuti ndiwo aiva magumo angu. Zvino ini, kuPhoenix, vanhu vaivako mumisangano zvisati zvakaaitika, ndakakuudzai kuti zvaizoitika sei.

¹⁴ Zvakanaka, mwedzi mishoma mushure meizvi, ndakanga ndiri mumupata weSabino Canyon mamwe mangwanani, kumaodzanyemba kweTucson. Ndakanga ndaendako kundonamata. Uye pandakanga ndichinamata, ndakanga ndakasimudza maoko angu mudenga, ndichiti, “Baba, ndinoKukumbirai kuti Mundibatsire neimwe nzira, ndipeivo simba, panguva yandakatarisana nayo zvino. Uye kana basa

rangu rapera pano panyika, zvino ndinofanira kuuya kwaMuri. Uye hazvirevi kuti ndinodemba kuti ndisauya, asi ndinoziva kuti Muchachengeta mhuri yangu. Zvino ndi—ndiri kungokumbira simba panguva ino.” Ipapo chimwe chinhu chakarova ruoko rwangu!

¹⁵ Zvino, imi makateerera pamaredhiyo, zvandakataura izvi zvinogona kutaridzika sezvisingaitiki zvandataura, asi ichokwadi. Uye Mwari ndiye Mutongi wangu.

¹⁶ Ndakatarisa muruoko rwangu, zvino maiva nomunondo, wakanga wakaputirwa mubato. Uye mubato wacho wakanga wakagadzirwa namaparera, waitaridzika soune muvhara wendarama pamubato. Uye—banga racho raitaridzika seraipenya, o-o, sekuromu kana chimwe chinhu chinopenya kana chiri pazuva.

¹⁷ Zvino, dzinenge dzakanga dziri nguva dzegumi kana gumi neimwe mangwanani, ndiri pamusoro pegomo. Unokwanisa kufungidzira munhu (sokunzwa kwandinota kuti ndiri mufungwa dzangu dzakakwana) manzwire aangaita amire ipapo nomunondo waasingazivi kwawabva, vanhu vachigara kure mamaira namamaira, akaubata mumaoko ake. Ndakaubata, ndokuumveyesa uko nouko, uye, zvino, wakanga uri munondo.

¹⁸ Zvino ndakatarisa zvakanga zvakandipotedza. Ndikati, “Zvakanaka, zvino, izvi zvingaitika seiko? Pano ndakamira pano, pano chaipo, uye hapana ari pano kwamamaira namamaira, zvino munondo uyu wabva kupi?” Zvino ndakati, “Zvakanaka, ndi—ndinotenda kuti zvichida ndi—ndiShe ari kundiudza kuti magumo angu asvika.”

Zvino Inzwi rakataura rikati, “Uyu Munondo waShe.”

¹⁹ Zvino ndakafunga kuti, “Zvakanaka, munondo, zvino wakafanana nowamambo, wokugadzwa nawo.” Munoziva, zvaiitwa kuEngland nokunzvimbo dzakasiyana-siyana. Ndakafunga kuti, “Ndiro basa rawo, rokugadza.” Ndakafunga kuti, “Zvakanaka, zvichida ndinofanira kuisa vanhu maoko pamusoro, kana...” Ndakanga ndine mhando dzose... Pfungwa yomunhu inokwanisa kukanganisika, munoziva. Hamuzvizivi. Pfungwa dzedu dzinopererwa; asi Iye haagumirwi. Saka, uye sezvandakanga, iwo... Ipapo wakabva muruoko rwangu uye handina kuziva kuti wakaenda kupi, wakangonyangarika. Zvino, kana munhu asinganzwisisi zvinhu zvomweya, ano—anogona kukanganisika nazvo. Unomirapo, uchishamisika kuti chii chaitika.

²⁰ Zvino Akati, “Chiratidzo ichi hachisi chokuguma kwako. Ndecheshumiro yako. MuNondo uyo iShoko. Zvisimbiso Zvinomwe zvichazarurwa, zvakavanzika zve...”

²¹ Zvino mavhiki maviri izvi zvaitika, kana kuti mwedzi miviri, ndingadaro, mushure mazvo, ndakanga ndiri mugomo ndiine boka reshawari dzangu pazvakaitika. Ngirozi Nomwe,

dzichionekwa pachena sokuwonekwa kwaunoita wakamira pano, dzakaburuka kubva kuDenga. Matombo akanga ari mumakomo akakunguruka achidzika negomo kudzika pasi, na—navanhu vakanga vakamira ipapo vakaridza mhere vachingoita zvakadaro, munoziva, neguruva rikasimuka kwose kwose. Zvino pazvakanga zvadaro, Iye akati, “Dzokera kumusha kwako. Zvino zvichaitika kuti, Ngirozi imwe inenge ichimirira chisimbiso chimwe chete cheZvisimbiso Zvinomwe.”

²² Izvi, zviriri patepi. Uye bhuku racho richadhindiswa zvino uno, iko zvino riri kunyorwa muchirungu chakanaka. Sokuziva kwamunoita, kuti handizivi chirungu changu zvakana, uye vanhu havangadi. . . Munofanira kuva vanhu vanondida nokuziva mataurire angu. Asi mumwe mudzidzi webhaibheri ari kundigadzirira chirungu chacho, nokubvisa zvose zvi—zvi. . . Zvakana, zvichida ndataura shoko risiri iro apa. Handimbozvizivi. Zvino, ndanzwa mumwe munhu achiseka, zvino ndinofunga kuti “zvandataura” zvanga zvisina kunaka. Asi somurume wechiDutch, tora zvandinoreva kwete zvandinotaura, ndizvo chaizvo.

²³ Uye ndataurirwa kuti, kwasara maminetsi matatu bedzi, kuti tisvike pakupedza.

²⁴ Zvino, imi vanhu vanodikanwa vari kuterera namaredhiyo, nemi muno rwara navane zvikumbiro pano, isai maoko enyu mumwe pano mumwe patiri kunamatira vanorwara. Zvino, Jesu akati, pakuraira kwaKe kwokupedzisira kuChechi, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” “Avo,” avo vanotenda! “Kana vakaisa maoko avo pamusoro pavanorwara, vachapora.”

²⁵ Baba vedu vari kuDenga, takaita savana nhasi, tiri kuterera zvaMakati tiite. Tiri kuisa maoko pamusoro pezvikumumbiro zvose zvauya norunhare. Muri kuvaona munyika dzavari, kuti vanodei, nokutambudzika kwavanako. Muri kuona vari pano vane zvikumbiro, uye vari kutambudzwa. Zvino tinovakumikidza kwaMuri, Mwari Anodikanwa, tino kutenda kokuti Makataura muShoko reNyu kuti, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Vachaisa maoko avo pamusoro pavanorwara, vachapora.” Zviitei, Ishe, muZita raJesu Kristu. Amen. [Hapana chinhu patepi—Mupepeti.]

[Hama Branham vanopedza chikamu chokutanga chokutaura paredhiyo.]

☆☆☆☆☆☆

²⁶ Ndatenda, Hama Shakarian. Mukana wakanaka zvikuru kudzoka zvakare paredhiyo, ndichitaura kune dzimwe shamwari dzedu dziri kuterera pamaredhiyo, nedziri pano.

²⁷ Zvakare tiri kupamhidza kukukokai, kuti muuye kuEmbassy Hotel mangwana masikati, kuti muzonamatirwa. Kwete izvozvo chete, asi uyai navatadzi naavo vakadzokera kumashure. Kana tikava nomunamato wavanorwara bedzi,

uye tinoona Mwari achiramba achiita zvishamiso zvikuru, asi izvi zvinhu zvidiki. Chinhu chikuru ndechokuponeswa, nokuzadzwa noMweya waMwari, izvo zvandichataura pamusoro pazvo kwamuri mumaminetsi mashoma ari kutevera pano, uye kukosha kokuti sei tichifanira kuzadzwa noMweya waMwari.

²⁸ Zvino kupodzwa Kutsvene kazhinji kunokwezva vanhu, kovaunza muHupo hwaMwari. Kana Mwari aita chimwe chinhu cha—chavanoziva kuti...zvino, hazvinzwisiki. Hatikwanisi kuratidza kuti zvinoitwa sei. Mwari paChake anozviita nenzira yaKe huru. Zvino izvi zvinokwezva vanhu, voziva kuti paripo pano Hupo hweSimba, rinoita zvinhu zvinodarika kunzwisisa kwomunhu, uye izvi zvinovakaonzera kuti vatarise kuGwayana raMwari. Uye nguva dzose, kupodzwa Kutsvene; ndakaudzwa, zvakare ndinotenda, pachangu, kuti zvikamu zvinenge makumi matanhatu kubva muzana, zvichida, makumi manomwe kubva muzana, zveshumiro yaShe wedu, kwaiva kupodzwa Kutsvene. Uye Akaita izvi kuti akwezve vanhu. Zvino pavakanga vavapo, Akati, “Kana mukasatenda kuti ndini Iye, muchafira muzvivi zvenyu.”

²⁹ Zvino, kupodzwa Kutsvene kunodhonza vanhu chaizvo, kuti vatarise kuna Ishe Jesu. Uye Dhokota F. F. Bosworth, yaiva shamwari yavazhinji venyu, uye shumiro yavo yaireva zvakaanda kwandiri somuparidzi mudiki. Ndakatanga misangano yangu, ndokusangana neHama Bosworth. Vaisitaura kuti, “Kupodzwa Kutsvene,” zvino uku kutura kudiki kunoita sokusina basa, vakati, “Kupodzwa Kutsvene chikafu chiri pachirauro.” Vakati, “Hauratidzi hove chirauro. Unoiratidza chikafu, hove inotevera ichifunga kuti chikafu zvino yobva yabatwa nechirauro.” Nokudaro ndizvo zvatinoedza kuita. Ndicho chi...isu... Chinangwa chehu kuti vanhu vauye kunaShe Jesu Kristu. Uye Iye haashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi. Zvino kana Iye akanga ari Mupodzi mazuva akapfuura, Achiri Mupodzi nhasi.

³⁰ Ndinoda kupa chapupu changu ndisati ndanamatira vanorwara vari pamaredhiyo. Mazuva mashoma apfuura, ndakanga ndakagara mugomo umu chinhu chikuru chakaitika pamberi pehama gumi neshanu kana makumi maviri, ndimo makauya Mutumwa waShe, seChiedza chikuru chaibhururuka senyeredzi yorudzi rwekometi, chikatsemura makomo, uye matombo akarashirwa kure kungaita mafiti mazana maviri, kana kupfuura, pasi, achidimbura miti nechokumusoro kwayo. Uye ini ndakanga ndakamira pasi paCho chaipo. Zvino ndakanga ndavaudza nguva diki zvisati zvaitika, kuti izvi zvaizoitika; kana kuti, ndakanga ndavaudza zuva rakanga rapfuura. Zvino varume vose ava vakamhanyira pasi pemota nakwose, vachiedza kuvanda. Havana kuziva kuti chii chakanga chichiitika. Zvino Akanga ataura kuti chii chaizoitika mushure maizvozvo.

³¹ Ndakagara pane rimwe dombo, paAkanga ambozviritidza, pane ne—neshamwari yatanga tiinayo, akanga abva kuMinnesota. Vanhu vake vari pano mangwanani ano zvino handizivi asi anogona kunge ari pano kune rimwe divi. NdiDonavon Weerts, mukomana wechidiki akanaka, muLuthereni akapa hupenyu hwake kuna Kristu uye akazadzwa noMweya. Mukomana wechiGerman anozvinipisa kwazvo, anenge ana makore makumi matatu, ane mhuri, navana aviri kana vatatu. Akatamira kuno kuTucson kuzovakidzana neni, pana mazana matatu kana mana avanhu vakauyavo kuzovakidzana neni. Nokudaro iye. . .

³² Uye ndinofara kuva navavakidzani vakadaro. Vanonditevera kose kusvika kuSouth Africa, nokumwe kwose, kuti vangova pedyo nokuona. . .neni, uye kuva neni nokuva mumufaro waShe.

Murume anozvinipisa zvakadaro, ndakanga ndisati ndamuziva zvakananyanya.

³³ Nokuti, vanhu vandinoziva navandinowadzana navo vakangoita somukoma wangu, kana hanzvadzi yangu. Ndinovatarira, uye ndinoti kana vava kubuda mumutsara, ndinovatora ndoenda navo parutivi ndotaura navo, nokuti ndinovada. Tinoda kugara muKubwinya pamwe chete. Zvino dzimwe nguva zvichida, mumisangano, munofunga kuti ndinokuomeserai. Hazvina kudaro. Hazvirevi kuti handikudei, asi zvinobva pamwoyo pangu, nokuti ini—ini. . .Inofanira kuva nzira imwe. Pane nzira imwe bedzi yokushumira Mwari, uye ndiyo. . .Tinofanira kugara munzira yaKe, hazvinei kuti pfungwa dzedu dzinotii. Nzira yaKe!

³⁴ Zvino ndakacherechedza Donavon, kumucheto wenzeve yake yokurudyi, yakanga yakazvimba zvichida zvikamu zvitatu kudarika magariro ayo, uye yaiva yakatsvuka kwazvo. Zvino, zvino ndakafunga kuti dzimwe nguva murenje matakanga tiri kwamazuva mashoma, umo matanga tiri, zvichida akanga abaiwa nomunzwa munzeve yake. Saka, ndakabata ruoko rwake, ndikaona kuti yakanga iri kenza. Nokudaro ndakati kuna Donavon, ndakati, “Donavon, une. . . Nzeve yako yava nenguva yakadini yakadai?” Ndichida kuedza kuti asazviziva, kuita sendisingazivi. Ndakati, “Yava nenguva yakadini yakadai, Donavon?”

Akati, “Hama Branham, inenge mwedzi mitanhatu,” akadaro.

Ndikati, “Sei usina kunditaurira?”

³⁵ Akati, “O-o, ndichiona kuwanda kwebasa romunaro,” akati, “handina kuda ku—kutaaurirai.” Akati, “Ndakangofunga kuti pamwe Ishe vachakutaaurirai.”

Zvino ndakati, “Unoziva here kuti chii?”

Akati, “Ndinofunga kudaro.”

Ndikati, “Ndizvozvo.”

³⁶ Uye mangwanani akatevera. Ndisina chandakaita, kusiya kokubata mukomana uyu noruoko; mangwanani aitevera, pakanga pasina kana ronda panzeve yake. Zvose zvakanga zvaenda zvachose.

³⁷ Nokudaro nguva zhinji tinomanikidzira, kuti tiwane *ichi, icho*. Kana...Maona, zvakanzi, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Hazvina kunzi “kana vakanamatira vanorwara.” “Kana vakaturika maoko avo pamusoro pavanorwara, vachapora!” Tinofanira kuva nokutenda, pachedu, pane zvatininge tichiita. Ndizvozvo.

³⁸ Zvino zvichida Donavon ari pano. Muchamuona. Anenge ari pano. Anenge ari pano mangwanani ano, muna mamwe mativi. Muchamuona, uye anoziva chapupu ichi.

³⁹ Uye chii zvakare chandingataura? Ndinotenda kuti Ruka, kana Johane, mumwe wavo, akati nyika haikwanisi ku... kukwana, haikwanisi kutakura mabhuku anganyorwa pamusoro pezvaAkaita pakati pavanhu mumazuva ano okupedzisira; kupodzwa kwavanorwara, kudzikinurwa kwezvidhakwa, namazana avo, mhando dzose dzehosha nokutambudzwa kwakasiyana-siyana.

⁴⁰ Zvino, imi muri pamaredhiyo, pamwe chete nemi muri pano, ndakabata pano chitsama chikuru chezvikumbiro zvauya mangwanani ano nefoni, yanga ichingorira nguva dzose kubva patasvika pano. Zvino isu...Zvikumbiro zana namakumi mapfumbamwe nezvitanhatu zvauya mangwanani ano, nefoni, kubva zvatasvika pano. Nokudaro ngatibatanei mumunamato apo mumwe nomumwe...Kwose kwamuri, vasipo pano, isanai maoko pamusoro, kana muri vatendi. Kana musiri, isai maoko enyu paBhaibheri kana pane chimwe chinhu, patiri kunamata pano.

⁴¹ Baba vedu vari kuDenga, chapupu chidiki chaDonavon Weerts, chimwe kubva muzvuru, Ishe, kuti Imi makaita nyasha zvakadaro...Ndinonamata kuti Mutarise pasi mumwoyo yavanhu vose vari pano navari pamaredhiyo. Uye dai, mumwe nomumwe wavo, apodzwa. Wakaipa ngaavasiye, uye dai vadzikinurwa kubva mukutambudzwa kwavo. Zviitei, Baba. MuZita raJesu Kristu, Mwanakomana weNyū, tinozvikumbara. Amen. “NdinoKutendai, Ishe...” [Hapana chinhu patepi—Mupepeti.]

[Hama Branham vanopedza kutaura paredhiyo pachikamu chepiri]



⁴² Zvino, ndiri pano ketatu mangwanani ano. Imiwe! Uye, munoziva, zvanzi tinofanira kubva pano mumaminetsi

anenge gumi namaviri, gumi namana, kana zvakadaro. Uye vanomaneja pano vari, mune imwe imba umo, havachakwanisi kupa vanhu chikafu. Nokuti tiri kutora nguva yakareba. Tinodya zvakawanda, munoziva. Nokudaro tinofara zvikuru, kuti tava nemhembero yapamweya, jubhiri huru, sokudana kwandingaiita, mangwanani ano pano neboka ravarume ava vakanaka.

⁴³ Ndinoda ku—kutura kuti tine...misangano zvakare, mangwana masikati, kuEmbassy uko. Zvino, tinenge tichinamatira vanorwara ikoko, nokutarisira kuti Mwari achasangana nesu. Uye ndauya kuzoisa chikamu changu, cheshumiro yangu, tichiita (zvose zvatinokwanisa) kuti musangano uno ubudirire. Kwete kubudirira nokuti musangano wedu, asi kubudirira kokuti vanhu vawane Jesu Kristu. Ndiko kubudirira chaiko. Musangano upi noupi zvawo, hazvina mhosva kuti tingarumbidza Mwari zvakadini, zvinhu zvikuru zvingani zvatakaMuona achiita, inguva dzakawanda zvakadini dzaAnotaura kwatiri muMweya, nezvakadaro; kunze kokunge chimwe chinhu chaitwa, vamwe vanhu vapinzwa muHumambo!

⁴⁴ Uye Hama Shakarian zvino vaita sitatimendi ye—yechokwadi zvino uno pamusoro pezvavanofunga pamusoro pamazuva ano atiri—atiri kurarama maari. Ndinotenda izvi nomwoyo wangu wose, kuti tiri kurarama munguva chaiyo yokupedzisira, chaimo mu...munguva yemimvuri yamanheru. Zuva rava kudoka. Uye kana tichiona zvinhu zvichiitika nenzira yazviri kuitika nayo nhasi, zvino, zvakaoma kutaura kuti chimwe chizvarwa chinotevera chichaunzei. Mazuva mashoma apfuura...

⁴⁵ Regai ndikuudzei chimwe chinhu chidiki. Vakaongorora muArizona yose, kwandinogara, muzvikoro zvose. Vakapa vana, vasina gadziriro, vhunzo yokuera pfungwa. Zvino munozivei? Zvichisanganisira zvikoro zvedzidzo yapamusoro ne—nezvikoro zvapakati, kwaiva nezvikamu makumi masere kubva muzana zvavana vaiva nepfungwa dzisina kukwana. Zvikamu makumi manomwe kubva muzana zvavana ivavo vanotarisa terevhizheni. Maona, wakaipa, anongouya matiri uye isu hati...Munoshamiswa kuti zvinouya sei. Unogona kunzwa Inzwi raMwari richirwisina nazvo, asi zvakadaro isu ti—tinoona takaputirwa mazviri.

⁴⁶ Regai ndikupei chimwe chinhu chinovhundutsa. Maona, “Havasi vose vanoti kwaNdiri, ‘Ishe, Ishe,’ vachapindamo; asi uyo anoita kuda kwaBaba vaNgu.” Kuda kwaKe iShoko raKe. Tinogona kunge tiri vanhu vanonamata kwazvo, tichiva nenguva huru, kudandizira, nokusvetuka, mumisangano ino, yatiri...Handi—handidi kusoropodza. Asi ndine—basa rokuita kuna Mwari, uye basa iri nderokuperera nokutura izvozvo zvaAnoda kuti nditaure chete. Uye ndi—ndinotenda zvikuru nechaputa yokuCalifornia yakandigamuchira na—namaonere

angu. Kana ndisingatauri matendere angu, ndiri munyengeri uyezve ndinenge ndisina kutendeka kwamuri. Uye kana ndisingakwanisi kutendeka kwamuri, ndingazotendeka sei kuna Mwari, nokuti ndino kuonai nokutaura nemi. Zvino, tinotaura, kuna Mwari, zvakarevo, asi tinofanira kuperera nokutendeka zvakananyanya mumwe kuno mumwe. Tiri mu—muchizvarwa chakaipa, chakaipa kwazvo. Uye wakambomira here. . .

⁴⁷ Regai ndikupei zvandakaona. “Havasi vose vanoti kwaNdiri, ‘Ishe, Ishe,’ vachapinda; asi uyo anoita kuda kwaBaba vaNgu.” Jesu akati, achiri panyika, “Munhu haararami nechingwa bedzi, asi neShoko rimwe nerimwe.” Shoko rimwe nerimwe! Kwete apo naapo, Shoko, asi neShoko rimwe nerimwe.

⁴⁸ Rakanga riri Shoko rimwe chete rakapokanwa, raMwari. . . pamirairo yaMwari, rakakonzera rufu, marwadzo, uye chirwere chose nomwoyo wose unorwadza, kusaterera Shoko raMwari, Shoko rimwe chete! Kana zvakapinza rudzi rwavanhu murufu, nokusaterera, nokupokana Shoko rimwe, “zvirokwazvo,” zvirokwazvo. Asi Akati zvichazoitika. Satani akati, “Haufi zvirokwazvo.” Asi zvakaaitika.

⁴⁹ Nokudaro, tinofanira kuchengeta Shoko rimwe nerimwe raMwari. Zvino kana rudzi rwavanhu nokutambudzika kwose uku nezvinhu zvose zvakauya pamusoro pavanhu, nokutsveyamisa, kana—kana kusatenda Shoko rimwe, tingagodzokerako sei tisingateereri Rimwe, kana zvakatora muripo wakadai, kunyange hupenyu hwoMwanakomana waKe?

. . . *vazhinji vakadanwa, . . . vashoma vakasarudzwa.*

. . . *vazhinji vakadanwa, . . . vashoma vakasarudzwa*

⁵⁰ Handikwanisi kutora mharidzo kubva apa, asi nokuti hatina nguva, ndinoda kungokupai chimwe chinhu. Ngatifunge pamusoro pe. . .

⁵¹ Ndakaenda rimwe zuva neHama Shakarian, kwavanoberekesa mombe. Uye ndakaona mu—mu. . . murabhoritari matakaenda neHama Shakarian. Zvino vakanyika mumbeu yebhuru, ka. . . kamuchina kadiki kwazvo, kakaita sechitanda chemachisa, vakatora imwe yembeu iyi, ndokuisa pasi pegirazi rinokudza zvinhu kakapetwa kazana. Zvino maiva notunhu tudiki twaifakanyika-fakanyika imomo, mumbeu iyi. Zvino, tinoziva kuti mbeu inobva kumurume, uye zai rinobva kumukadzi. Uye ndakavhunza kemisiti aivapo, ndikati, “Chii chinoita kuti zvifakanyike kudaro?”

Akati, “Ndiwo—ndiwo mabhuru madiki nemhuru.” Maona?

Ndakati, “Mudonwe diki iroro here?”

Akati, “Hongu.”

⁵² Ndikati, “Zvino pamwe imomo mumbeu munogona kuva nemiriyoni here?”

Akati, “O-o, hongu.” Maona? Uye ndakatarisisa.

⁵³ Zvino, kana chinhu chikuru ichi chaitika, pane zai rimwe chete rakamirira mbeu imwe chete kubva mumiriyoni iyi. Uye hapana anokwanisa kutaura kuti imbeu ipi, kana kuti izai ripi. Kana ukatarira maberekerwo apanyama, anoshamisa kwazvo kudarika ku...kuberekwa nemhandara. Nokuti, mumbeu idzi, mune imwe chete yakatemerwa kurarama, uye dzimwe dzose dzinofa. Uye haisi iyo inotanga kusvika; asi ndeiyi inotanga kubatana nezai. Dzimwe nguva zai rinosangana nayo nokumuswe, kana napadivi; mbeu inogona kuita izvozvovo, kuzai. Mbeu inopinda muzai, zvino ipapo tumiswe tudiki tunobva twadonha, zvino musana wotanga kuumbwa. Pane chimwe chete bedzi kubva mazviri zvose zvakawanda kudai, kubva mumiriyoni, chichazobudirira, chimwe bedzi; uye chinotangwa neSimba risingazikanwi, kumunhu. Asi uno, zvose, zvakafanana, imwe neimwe yembeu idzi yakafanana neimwe. Zvimwe chetevo nemhuka. Zvimwe chetevo kuvanhu. Yakatemerwa kuti ive mukomana, kana musikana, ane vhudzi dzvuku, vhudzi dema, kana chingava chii. Yakazvitemerwa naMwari. Yose inotaridzika zvakafanana, pakuonekwa, asi pane imwe chete imomo yakatemerwa kuhupenyu; imwe chete kubva mumiriyoni, asi zvakadaro ose akafanana.

⁵⁴ Israeri payabuda muEgipita, vakanga vari vanhu vanenge mamiriyoni maviri vakabuda panguva imwe chete. Mumwe nomumwe wavo akanzwa mharidzo yomuprofiti. Mumwe nomumwe wavo akaona Shongwe yoMwoto. Mumwe nomuwe wavo akabhabhatidzwa naMosesi, muGungwa Dzvuku. Mumwe nomumwe wavo akadanidzira mu—muMweya, vakaridza matamborini nokumhanya vachikwira nokudzika kumahombekombe, naMiriami, apo Mosesi paakaimba muMweya. Ivo, mumwe nomumwe wavo, akanwa kubva paDombo rimwe chete romweya. Ivo, mumwe nomumwe wavo, akadya Mana itsva husiku hwoga hwoga. Mumwe nomumwe wavo! Asi pana vaviri chete vakasvika kunyika, mumwe kubva mumiriyoni.

⁵⁵ Muedzo wacho waiva wei? Vose vakanwa kubva paDombo rimwe chete, vose vakadya Mana yapamweya imwe chete sokudya kwatiri kuita mangwanani ano, asi kuedzwa neShoko kwakaraidzwa zvavaiva. Pavakasvika paKadheshi-bharnea, pavakanga vava kupinda munyika yevimbiso, havana kukwanisa kuenda kusvika vaedzwa neShoko. Uye vose va—vamwe gumi vakadzoka, vakati, “Hatikwanisi kuenda! Vanhu veko vakafanana ne...Takafanana nemhashu, kwavari, guta ravo iguru rakavakirirwa. Kupikiswa kwacho kukuru.”

⁵⁶ Asi Joshua naKarebhu vakanyaradza vanhu. Vakati, “Tinogona kuzviita nokupfuurisa!” Nokuda kwei? Mwari akanga ati, vasati vatanga kuenda kunyika yechipikirwa, “Ndakupai nyika. Ndaipa kwamuri. Ndeyenyu.” Asi pakanga paino mumwe chete kubva mumiriyoni.

57 Pana vanhu vanenge mamiriyoni mashanu munyika nhasi vanonzi maKristu, uye zuva rimwe nerimwe rinogumisa chizvarwa. Iko zvino, ko kana zvikanzi Kubvutwa kukaitika nhasi uye vanhu mazana mashanu chete, pasi pose, vakapinda muKubvutwa? Hamumbozviziva kunyangwe kuzviona mupepa, zvichinzi vakaenda. Uye Kuuya kwaShe Kuuya kwakavanzika. Achauya sembavha. Vanenge vari vashoma, kusvikira . . .

58 Sezvazvakanga zvakaita mumazuva awo vadzidzi pavakavhunza Jesu, “Sei Vanyori vachiti ivo—ivo Eria anofanira kutanga kuuya?”

Akati, “Akatouya kare, asi hamuna kuzviziva.”

59 Makambofunga here zvakaita vanhu? Vakaenderera mberi vachitenda kuti Mo- . . .vachiti Eria akanga achauya. Asi iye akanga ari pakati pavo, asi ivo havana kuzviziva.

60 Ndizvo zvazvichaita paKuuya kwoMwanakomana womunhu! Vachaita zvimwe chete naYe. Mweya waMwari uri pano. Zvino, tichaitei naWo? Tichadya Mana here, nezvimwe zvakadaro, tisingafambi tichienderera mberi sokukura kwatinenge tichiita?

61 Wakambocherechedza here mbeu, sokutaura kwaita Mufundisi Pitts nguva diki yapfuura, kuti mbeu inoenda sei muvhu? Mbeu dzakawanda dzirimo muvhu. Mwari paakafamba pamusoro pemvura, neChiedza, uye Chiedza chakadzimeresa. Hupo hwaMwari hwokutanga, Chiedza chakataurwa chakauya neShoko raMwari. Uye Shoko raMwari ndiro chinhu choga chinounza Chiedza. Uye mvura payakaenda, mbeu yakanga yatova muvhu kare, uye Chiedza chakameresa mbeu dzakanga dzasara dziino hupenyu chete madziri, kuti dzivepo. NdiMwari anogadzira zvisikwa zvaKe.

62 Zvino, mangwanani Esita pakava nechimwe Chiedza chakauya panyika, Mweya Mutsvene pawakapiwa. Uye Wakapuwirwa kuti uunze Chiedza kuMbeu idzo Mwari, nokufanoziva kwaKe, akaziva kuti dzaizova pano panyika. Sokuziva kwaAkaita mbeu yokutanga yapanyama, Anoziva kune Mbeu yapamweya. Mutumbi wako waivapo pano panyika, Mwari paakaumba nyika. Tiri chikamu chenyika. Takanga tiripo. Zvino nokufanoziva kwaKe aiziva vaizoMuda novaizoMushumira, uye vaizomuramba. Kufanoziva kwaKe kunotaura kudaro. Kana zvikasadaro, zvino haAsi Mwari. Haagoni kuva Mwari achigumirwa nezivo. Uye kana Asingagumirwi nezivo, Anoziva zvinhu zvose.

63 Nokudaro, unoona vanhu vachikanganisa. Vakagumbuswa nazvo. Vanozvimhanyira, uye vofunga kuti ndeichi neicho, asi hazvishandi zvakanaka, tinozviona. Asi pane zvinoshanda zvakanaka, ndiko kutsvaka kuda kwaMwari kwakakwana uye womira pakuri, zvawakadanirwa naMwari.

64 Sokutaura kwaita Hama Jack nguva diki yapfuura pamusoro penzvimbo iyo—kuPersian Square, nenyonga-nyonga yose. Mumwe ari nenzira *iyi*, mumwevo nenzira *iyi*; vadzidzisi vebhaibheri, navamwe, kana muchida kuziva zvakawanda pamusoro pedzidzo yebhaibheri, endai ikoko.

65 Ndinofungidzira kuti zvakada kufanana nezviri kuHyde Park kuLondon. Ndakanga ndiriko, mumwe nomumwe ane pfungwa yake. Ndicho chi—chikwata chavanhu vamazuva ano vari munyika muBhabhironi.

66 Asi mambocherechedza here Hama Pitts pavanga vachiparidza kwatiri mangwanani ano nemharidzo yavo yakanaka kwazo? Pavakatanga kufamba vachibuda mupark, ipapo wavana ruva reEsita. “Pakati penyonga-nyonga yose iyi,” sokuunza kwavazviita kwatiri, “rakanga risina nzira yokuti riti ‘hongu’ kana ‘kwete.’ Hwaiva hupenyu hwaMwari huchipenya mariri, pakati penyonga-nyonga yose iyi.” Rakanga riripo mukubwinya kwaro, nokuti Mwari akaritemera kuti ringe riripo. Pakati pokupesana kwose, hapana airicherechedzavo. Havana kuona humiriri hwaro pazvinhu zvomweya.

67 Uye zvakadarovo nhasi pakati pokuungana kwedu kukuru kwose namapoka, namachechi namadhinominesheni, nezvakadaro. Mumwe ari kudhonzera *uku*, “Tinofanira kuva maBhaptisti, kana kuti maPresbyteriani, tinofanira kuva *izvi*, *izvo*, kana *zvimwe*.” Pakati pazvo zvose izvi, pane ruva riri kukura. Pane simba raMwari pakati pedu, riri kusimuka pakati pedu tose. Ngatimirei timboritarisa, kwemaminetsi mashoma, uye tiri tarire vhiki ino, tigoriona richibhedhenuka pamberi pedu. Tinotenda kuti Mwari achazviita. Hamutendi here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

68 Ndinoona kuti tinofanira kunge tabuda iko zvino. Nokudaro ngatinamate, mumwe nomumwe wedu.

69 Mwari anodikanwa, kana takotamisa misoro yedu muHupo hweNyu, tinoona kuti hatina kodzero yokukumbira. Asi Makativimbisa kuti, kana tikauya, haMutirambi. Uye nezviturwa zvakaoma izvi zvabva kutaurwa, kwete kuti idzidziso, “mumwe kubva mumiriyoni,” asi kungoti tirangarire. Nokuti Makati:

*...mukova wakamanikana, uye nzira in hete,
inotungamirira kuhupenyu, uye vashoma vano iwana.*

*Nokuti vazhinji vakadanwa, asi vashoma
vakasanangurwa.*

70 O Baba voKusingaperi, tumirai Chiedza cheEvhangeri muguta rino, vhiki ino iri kuuya yekonivhesheni. Uye kana paine Mbeu, neimwe nzira yohukuru hweNyu Moga, hungwaru hukuru, zvandanga ndichiedza kutsanangura pamusoro pembeu yomurume neyomukadzi, dai vakauya kukonivhesheni. Dai Mwewa Mutsvene wavapa Chiedza. Tinoziva kuti zvichida

nguva yaperera kudarika zvatnofunga. Tinonamata, Mwari, kuti sokuuuya kwataita pano, tichitenda kuti zvichida pane chimwe chinhu chinokwanisa kuitwa chingabatsira vanhu, kana—kana kuwana gwai rokupedzisira. Tinoziva, kuti kana danga razara, Mufudzi anovhara mukova.

⁷¹ Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aNoa, wokupedzisira paakapinda, Mwari akavhara mukova. Uye vakarova nokugogodza, asi nguva pakanga pasisina. Mwari anodikanwa, vakanga vapiwa mukana.

Imi makati, “Ndini Mukova kudanga ramakwai.”

⁷² Uye rwunotsinhira sei rumbo rwakabva kumudetembi, “Makumi mapfumbamwe namapfumbamwe amakwai haana kuKukwanirai here? Asi, kwete, pane rimwe chete.” Rinogona kunge riri gwai diki dema, kana diki rakazvidzika, rinogona kunge riri rume diki kana gadzi diki. Hatizivi kuti riri kupi, asi wokupedzisira anofanira kupinda zvino mukova unozovharwa. O Mwari, Anoziva zvinhu zvose, nzverai hupenyu hwehu mangwanani ano. Uye titumei kwose kwose kwatinokwanisa kuenda, kuti tikwanise kuwana iroro rokupedzisira, kuti mukova ugovharwa uye Mufudzi ari mukati namakwai ake. Zviitei, Ishe. Kana riripo pano nhasi, kana riri iro rinofanira kupinda. . .

⁷³ “Vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri. Uye hapana anokwanisa kuuya, kunze kokunge Baba vaNgu vamudana.”

⁷⁴ Uye kana paine kudonzwa, kana mamwe manzwire, okuti iyi ndiyo nguva yomumwe munhu ari muungano muno, muno kana mumba iri pasi, kana kupi zvako kwavangadai vari, dai vadavira kuti, “Hongu, Ishe, ndini gwai diki iri riri kudzungaira; uye ndakarwisa Izvi, hupenyu hwangu hwise. Ini—nda—ndanzwa kuti ndinofanira kuuya, asi nhasi ndakaremba kudivi rokukundwa. Handikwanisi kukwira kana kudzika. Hapana kwandinokwanisa kuenda.” O-o, dai Mufudzi mukuru auya, atambanudza maoko ake ane nyasha uye apinza uyu mukati, amuisa pamafudzi aKe omudzora zvakare.

⁷⁵ Zvichida pano mumwe pano, Ishe, ari kurwara, ari muchinhano, chokuti chiremba anoti, “Hapana chinokwanisa kuitwa.” Akaedza nopaaikwanisa napo kumununura, asi haana kukwanisa kumununura. Hazvikwanisiki. Ha—hapana chaanokwanisa kuita. Mushonga wake kana banga rake hazvikwanisi kusvika pazviri. Asi, O Ishe, hapana chiri kure noruoko rweNyu rune simba, uye Shoko reNyu ndiro ruoko rweNyu. Nokudaro tinonamata, Mwari Anodikanwa, kuti, mangwanani ano, patiri kutaura kwaMuri, kuti Mutambanudze ruoko kuzosimudza vanorwara uye vasingakwanisi kuzvibatsira, kubva kune zvinokwaniswa zvose nesainzi, navana chiremba, dai vapodzwa. Zviitei, Ishe.

⁷⁶ Tichifunga pamusoro paDhavidhi, paakaitwa mufudzi wamakwai mashoma, kwazvo. Asi rimwe zuva bere rakauya rikatora gwai diki rimwe chete ndokuenda naro, ringadai rakadyiwa (sekenza inodya muviri), kana shumba huru. Asi Dhavidhi, asina zvokurwisa zvakakwana se—sechifefe, kana, munondo, akanga aine chipfura mabwe chete, asi akatevera gwai iroro. Zvino paakawana be—bere rava kuda kuuraya gwai diki iri, akariuraya nechipfura mabwe. Chombo chidiki chakareruka chaiva chakagadzirwa nedehwe netambo, zvino, akanga akagutsikana nacho.

⁷⁷ Hatina vanhu vanoziva zvikuru pakati pedu, Ishe. Tiri vanhu venhando nomunyengerero wenhando, asi tiri kuuya mangwanani ano tichitevera gwai raBaba. Mukadzi uya akafamba munzira, achidzungaira, achisvuta fodya, achiedza kuwana rugare kubva mufodya; murume uya akanwa doro uye akaedza kurirega, asi wakaipa akaramba akamubata; mukomana uyu kana musikana uyu akamboedza kuita zvakakanaka, asi haana simba rokurega kuita zvinhu zvakaipa; tinouya muZita raShe Jesu, tinodana gwai iroro mangwanani ano. Tinozvidza muvengi; chinhu chenhando, chipfura-mabwe, munamoto, asi tiri kuuya kuzodzora rimwe chete iroro kudanga raBaba, kuti tizokwanisa kupa rondedzero yezvinhu izvo zvatakapiwa mumaoko edu. Dai simba raMwari ramutsa kutenda zvino, pakadzika pemwoyo yavanhu, uye dai mweya wakarashika uyu wadzoka mangwanani ano. Dai miedzo yohupenyu huno yavarega, kuti vaende. Uye dai azviwana akachengeteka pamafudzi aTenzi akanaka, otakurwa zvakakanaka kudzokera. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

⁷⁸ Mwari akuropafadzei mose. Kusvikira tichizoonana mangwana, ndichapa sevhisi ino kuHama Shakarian. [Hapana chinhu patepi—Mupepeti.]

[Hama Branham vanopedza chikamu chetatu]

☆☆☆☆☆☆

⁷⁹ Izvi, ini—ndine tariro yokuti mucha . . .kuti ndawana nyasha dzakawanda mumaziso aMwari napamberi penyu, handitendi kuti ndingamira pano kuzokutaurirai chinhu chenhema. Ndakasvitsa makore makumi mashanu namatanhatu, rimwe zuva. Iyi haingovi Mharidzo yomunhu akura. Ndakatenda izvi kubva ndichiri mukomana mudiki. Uye kana izvi zvisiri chokwadi, ndiri benzi chairo Mwari raati ambova naro panyika. Ndakapa hupenyu hwangu hwose nokuda kweChikonzero ichi. Uye regai nditaure izvi nokuperera kwose: kana dai ndaiva nohupenyu zvuru, handaichinja pfungwa dzangu.

⁸⁰ Zvino, kupodzwa ndokwomunhu wose. Rangarira, kupodzwa kuri mauri. Mwari akaisa mumupichisi pichisi rose richazova imomo, paAkaudyara muBindu. Maona, imi ingo . . . muti womupichisi kana womuapurosi, kana muti

womuchero, unofanira kukura, nemvura iri mvhu. Zvino mumwe nomumwe wenyu anokukwanisa uku maari, kukwanisa kudzikinurwa, naMwari, sokudyarwa kwamakaitwa muna Kristu norubhabhatidzo (kwete rubhabhatidzo rwemvura), asi kubhabhatidzwa pamweya. Hamupindi muna Kristu nokubhabhatidzwa nemvura. Asi nokubhabhatidzwa pamweya!

⁸¹ Mangwana masikati, Mwari achida, ndichataura pamusoro pazvo, kuti *chii* uye kuti Zvinoitwa *sei*. Tinazvo masikati ano nokudaro hazvikanganisi sevhisi yenyu.

⁸² Zvino tarisa, mumwe nomumwe wenyu akamira pano somutendi, maona, zvino Hupenyu hwaiva muna Kristu hwava mamuri. Zvinokwanisika, kana mukakwanisa kuzviona!

⁸³ Ibaso raDhiabhorosi kukuchengetai makavharwa kubva kwaZviri, ari kukuchengetai muri mapofu. Akagona kungokuitai kuti mupofomare, ndizvo, maona, hamuzozivi kwamuri kuenda. Munhu akapofomadzwa haazivi kuti ari kuendepi, anofanira kutsvaka kunzwisisa kuno mumwe anoona. Kusvikira tawana kunzwisisa, mumwe munhu anofanira kutiudza kuti Chokwadi chii.

⁸⁴ Uye Kristu akafira imi, uye makadyarwa muna Kristu muchibva munyika. Uye zvose zvamunoda zviri mamuri, nokubhabhatidzwa noMweya Mutsvene. Handizvo here? Zvino chinhu chete chamunoda kuti multe kutanga kunwa kubva paZviri.

⁸⁵ Uye sokunwa kunoita muti, unotangisa kubudisa mashizha awo, maruva, unobereka michero gore roga roga. Michero iyi haisi mvhu; michero iri mumuti. Vangani vanonzwisisa izvi, itai “ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Nokudaro, maona, michero iri mumuti, uye muti woga woga unofanira kunwa pachitubu ichi. Kunaya kunoita mvura, inopa muti, hupenyu, kuti unwe pairi. Uye, kunwa kwaunenge uchiita, unokura.

⁸⁶ Zvino unokura kusvikira waita maruva, zvakafanana neChechi, inofanira kubukira muchizvarwa chino.

⁸⁷ Uye, kunwa kwatinoita, tinokura. Asi kana muti ukaramba kunwa, zvino haukwanisi kukura. Uye dai ukangozvitenda iko zvino, iwe pachako!

⁸⁸ Nokuti, munoziva kuti Ishe anoshanda sei, achiratidza zvinhu zvakasiyana-siyana, zvawakaita kana zvawakanga usingafaniri kuita, nezvakadaro, mumusangano. Tanga tine tariro yokuti Mweya Mutsvene uchauya pamusoro pedu mangwanani ano kuzoita izvozvo, patakanga takamira. Asi ndaramba ndakamirira.

⁸⁹ Ndinofunga kusagadzikana, kufunga kuti kuna vari pasi vanoda kuti tichibuda muno, maona. Asi vari kuda kuti tibude; tanonoka zvino.

⁹⁰ Asi tendai izvi, nomwoyo yenyu yose. Ndapota idaroi. Kana ini—kana ndawana nyasha pamberi penyu, somunhu akatendeka, tendai izvi. Zvino isai maoko enyu pa—pamusoro pomumwe.

⁹¹ Zvino tarisa, zvino, Bhaibheri harina kuti, “Zviratidzo izvi zvichatevera William Branham.” Harina kuti, “Zvichatevera Oral Roberts chete.” Harina kuti, “Zvichatevera Hama Kopp,” kana mumwe munhu.

⁹² “Zviratidzo izvi zvichatevera,” vakawanda, “avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pamusoro pavanorwara, vachapora.” Ndiro Simba raMwari riri mauri, rinopa Hupenyu kumunhu wawakaisa ruoko rwako pamusoro pake, chitubu choHupenyu choMweya Mutsvene.

⁹³ Mwari anodikanwa, muZita raJesu Kristu, munguva ino yakaomarara chechi pai...dai vakamira kechipiri, vasingavhunduki, uye dai Simba rakamutsa Kristu muguva, ramutsa Chokwadi cheEvhangeri mavari iko zvino, kuti kutumwa kwaJesu kwaiva kuti, kana ivo “vakaisa maoko pamusoro pavanorwara, vachapora.” Dai simba rose ramadhimoni, hurwere hwose, chirwere chose, kutambudzwa kwose, zvose zvinotambudza vanhu, ngazvivasiye iko zvino nokutenda. Savanhu vanotenda, tinozvikumbara muZita raJesu Kristu. Amen.

⁹⁴ Zvino simudzai maoko enyu muMutende, kana muchitenda kuti Azviita.

⁹⁵ Mwari anodikanwa, mwana uyu anofa, Ishe, kana zvikasaitwa. Ndinotuka kusungwa uku, muZita raJesu Kristu. Ngakusiye mwana uyu asina mhosva. Amen.

Zvino, vana chiremba vakaedza, uye vakatadza. Tendai bedzi.



MUMWE CHETE KUBVA MUMIRIYONI SHO65-0424
(One In A Million)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Mugovera mangwanani, Kubvumbi 24, 1965, paFull Gospel Business Men's Fellowship International breakfast kuClifton's Cafeteria muLos Angeles, California U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings. Yakazodhindhwa zvakare muna 2009.

SHONA

©1993 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org